



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 20 fevriye 2013

GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE “NEW YORK LOUVRI POU LAPÈCH AK LACHAS” AVÈK PLAN POU REDUI FRÈ POU PEYE POU LACHAS AK LAPÈCH

Chanjman yo Ap Ede Sipòte New York kòm Premye Kote pou Espò

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse New York Louvri pou Lapèch ak Lachas, yon plan pou fè lisans pou lapèch ak lachas vin pi efikas, pou redui frè yo pou sipòte opòtinite touris, epitou pou bay avantaj pou gason ak fanm k ap fè espò toupatou nan eta a. Pwopozisyon an se yon pati nan amannman 30 jou nan Bidjè Egzekitif 2013-14 la, epi li ta redui frè anpil santèn milye chasè, pechè ak trapè yo peye pandan y ap toujou jwenn sipò pou pwogram lapèch ak espas natirèl eta a.

Pwopozisyon an ap senplifye estrikti ki genyen kounye a pou lisans lan pou sipòte rekritman ak konsèvasyon chasè, pechè ak trapè ki se sitwayen eta a ak sa ki pa sitwayen eta a. Eta a ta fè gwo rediksyon nan kantite lisans li ofri yo, epi li ta bese anpil frè pou moun ki gen lisans epi ki se sitwayen eta a ak sa ki pa sitwayen eta a pou pwopozisyon an. Dapre pwopozisyon an, yon anrejistre pou lapèch nan lanmè ki gratis ak vin pèmanan, depi li te pwograme pou ekspire nan fen ane 2013.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Mwen konnen valè lwazi ak valè ekonomik lachas ak lapèch pote nan Eta New York. Kominote espò a ap sipòte touris la toupatou nan eta a. Dapre yon sondaj nasyonal, gen plis pase \$8,1 milya dola aktivite ekonomik ki kreye kòm yon rezilta aktivite espò a nan New York. Dapre pwopozisyon mwen an, li pral pi fasil pou plis Nouyòkè ak vizitè ki sòti toupatou nan peyi a pran avantaj rich tradisyon espò New York la.”

Pwosesis ki genyen kounye a pou jwenn lisans lan bay konfizyon akòz kantite, kalite ak melanj posib lisans yo pou lachas ak lapèch. Answit, frè pou peye yo pi gwo kounye a nan New York pase nan anpil eta vwazen epi ki ka konpare. Pwopozisyon an ta:

- Redui a 11 kantite lisans ki disponib pandan l ap konsève tout privilèj ak opòtinite ki genyen kounye a pou lachas ak lapèch.

Haitian Creole

- Redui pri yon lisans pou lachas a 24 pousan ant \$29 ak \$22
- Redui pri yon lisans pou lapèch a 14 pousan ant \$29 ak \$25
- Fè lisans pou lapèch yo vin valab pou yon ane apati dat acha a
- Kreye yon estrikti lisans pou moun ki pa sitwayen eta a ki se menm ak estrikti lisans pou moun ki se sitwayen eta a
- Fè privilèj pou pyèj yo vin lisans pou lachas pou okenn frè anplis pou trapè ki sètifye yo
- Konsève opòtinite Junior Trapper and Trapper Mentor
- Redui frè pou peye pou lisans pou lachas ak lapèch pou moun ki pa sitwayen eta a pou atire plis patisipan lòt eta yo
- Konsève lisans ki gen rabè yo pou jèn moun yo, granmoun aje yo, militè andikape yo, ak Amerendyen yo.

Lisans	Sa ki La kounye a	Sa ki pwopoze
Sitwayen Eta New York		
Lisans pou Lapèch Chak Ane	\$29	\$25
Lisans pou Lachas Chak Ane	\$29	\$22
Privilèj Lachas avèk Ak Chak Ane	\$21	\$20
Fizi Chajman Anyèl	\$21	\$11
Moun ki Pa Sitwayen Eta a		
Lisans pou Lapèch Chak Ane	\$70	\$50
Lisans pou Lachas Chak Ane	\$140	\$100
Privilèj Lachas avèk Ak Chak Ane	\$140	\$40

Fizi Chajman Anyèl	\$140	\$30
Lachas Kodenn Yon Jou	\$50	\$20
Lapèch nan yon Jou	\$15	\$10

Anvan, yon lisans pou lapèch te valab sèlman apati dat acha a pou rive nan fen sezon an, epi pechè ki te achte yon lisans nan mitan sezon an pa t gen yon valè pou itilize li pandan tout ane a. Anba nouvo plan an, pechè yo ap jwenn yon ane konplè pou lapèch la kèlkeswa lè yo achte lisans lan. Epitou, pwopozisyon an gwoupe privilèj lisans ti jwèt ak lisans gwo jwèt an yon sèl lisans pou lachas. Answit, pwopozisyon an kreye yon estrikti lisans pou moun ki pa sitwayen eta a k ap bay yo mwayen pou jwenn menm privilèj lisans ak lisans pou sitwayen eta a.

Pwopozisyon an fè anrejistreman pou lapèch nan lanmè vin pèmanan tou. Yo te pwograme li pou depi solèy la kouche nan 31 desanm 2013, ki te ka oblije pechè ki fè lapèch nan distri lanmè a pou achte yon lisans pou \$10. Dapre pwojè-lwa Gouvènè Cuomo, lapèch nan lanmè ap kontinye fèt gratis.

Manm Komisyon Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New York, Joe Martens, di konsa, “Chasè yo ak pechè yo se baz kominote konsèvasyon eta a, ki konsène pou pwoteje abita, tè forè ak wout navigab eta a. Pwopozisyon Gouvènè Cuomo a ap fè li vin pi senp pou moun yo achte lisans, pou ede atire vizitè pou fè lachas ak lapèch nan New York epi pou asire pwogram kominote chasè ak pechè yo renmen an kontinye jwenn finansman.”

Answit, DEC fè gwo pwogrè nan reyabilitasyon sant lansman bato ki la deja ak konstwiksyon nouvo sant yo. Nan kòmansman sezon navigasyon ane 2013 la, senk (5) nouvo sant lansman pral louvri: Chaumont Bay ak Point Peninsula Isthmus nan Lak Ontario, Rivyè Upper Hudson ki nan Fort Edward, Lak Champlain ki nan Vil Plattsburgh, ak Cuba Lake Boat Launch ki nan Konte Allegany. Travay ap fèt pou yon lansman bato nan Lak Round ki nan Konte Saratoga.

Efò enpòtan pou reyabilitasyon lansman bato gen ladan: modènizasyon konplè Lansman Bato “Crusher” sou Rivyè Raquette ak ekleraj ranp lansman Horicon sou Lak Schroon. Plan yo nan etap egzekisyon pou agrandisman lansman bato Second Pond sou Lak Lower Saranac, reparasyon nan espas Lansman Bato Peru sou Lak Champlain, rekonstwiksyon ranp lansman Northville, ak enstalasyon yon nouvo waf anbakman nan Lansman Bato Konte Saratoga, toulède sou Lak Great Sacandaga.

Pwopozisyon Gouvènè Cuomo a vize pou amelyore pozisyon New York kòm yon kote pou chasè ki nan eta a ak chasè lòt eta yo. Dapre yon Sondaj 2011 sou Lapèch, Lachas ak Lwazi ki Asosye avèk Espas Natirèl, plis pase 90 milyon sitwayen Etazini ki gen laj 16 zan ak plis te patisipe nan yon fòm lwazi ki asosye avèk espas natirèl nan ane 2011 lan. Moun ki renmen lwazi nan espas natirèl la te depanse apeprè \$145 milya dola nan aktivite yo.

Answit, Eta New York rete toupre anlè nan lisans chasè ak pechè, apeprè 1,88 milyon pechè ak 823.000 chasè, sa ki endike yon gwoup patisipan ki sitou estab. Menm etid la te jwen New York

nan ane 2011 se te dezyèm eta nan nasyon an nan depans pechè sou materyèl lapèch ak sizyèm nan depans pechè ki pa sitwayen eta a. Depans sa yo te kreye revni pou apeprè \$108 milyon dola nan taks eta a ak taks lokal.

Nan ane 2011, New York te katriyèm nan nasyon an nan depans chasè yo te fè, epi sa kreye apeprè \$290 milyon dola nan taks eta a ak taks lokal. New York klase twazyèm nan nasyon an nan kantite total chasè k ap viv nan eta a.

Pandan pwopozisyon sa a ap bay soulajman pou gason ak fanm k ap fè espò yo, l ap asire Fon Konsèvasyon an rete sòlvab nan plan finansye a (Ane Fiskal 2018-19). New York ak kontinye bay sèvis, pwogram ak pwojè pou sipòte opòtinite lachas ak lapèch. Eta a ap travay tou nan tèt ansanm avèk kominote Konsèvasyon an nan mwa k ap vini yo pou idantifye pwojè yo pou amelyore aksè nan lachas ak lapèch, epitou pou amelyore abita espas natirèl la.

Jason Kemper, Prezidan, Konsèy Konsiltatif Fon Konsèvasyon an, di konsa, “Konsèy Konsiltatif Fon Konsèvasyon an kontan anpil paske Gouvènè a deside senplifye estrikti lisans espò ak redui kèk nan frè ki asosye avèk lisans sa yo. CFAB gen konfyans aksyon sa yo pral ogmante patisipasyon an nan lachas, lapèch, ak pyèj nan Eta New York k ap kontinye amelyore enpak ekonomik pozitif aktivite sa yo kreye nan Eta New York.”

Lance Robson, Prezidan, Konsèy Jesyon Lapèch ak Espas Natirèl Eta New York, di konsa, “Konsèy la akeyi senplifikasyon estrikti lisans ki la deja ak rediksyon frè yo pou pifò piblik espòtif la. Plan sa a ap fè patisipasyon nan lachas, lapèch ak pyès vin pi fasil pou peye pandan l ap kontinye bay lajan, kounye a ak pidevan, pou kontinye ak menm agrandi pwogram ki la deja pou jesyon pwason, espas natirèl ak abita.”

Chuck Parker, Prezidan, Komisyon Konsèvasyon Eta New York, di konsa, “Nan remak mwen te resevwa kòm Prezidan Komisyon Konsèvasyon Eta New York, mwen ta renmen fè konnen Komisyon an kontan wè pwopozisyon yon sistèm estrikti lisans ki pi senp jan DEC ak Biwo Gouvènè a prezante li epi jan Konsèy Konsiltatif Fon Konsèvasyon an apwouve li. Avèk sistèm frè ki pi senp pou lisans, ta gen yon ogmantasyon nan kantite ak patisipasyon chasè yo, pechè yo, ak trapè yo pandan sa toujou ba yon enpak ekonomi ki trè pozitif pou Fon Konsèvasyon Eta New York, ki ta dwe ogmante posiblite finansman ki pwopoze a.”

Ron Urban, Prezidan Catskill Mountains Chapter of Trout Unlimited, di konsa, “Pwopozisyon Gouvènè a bon pou tout pechè yo lè li redui frè yo ak lè li fè lisans yo vin pi senp. Answit, li ogmante eksperyans lwazi nan dlo New York yo. Nou gen bon jan resous natirèl nan eta a, epi pwopozisyon sa a pral ankouraje moun yo sòti deyò ak jwi New York.”

Tom Marks, Kaptenn ak Pwopriyetè, Gr8 Lakes Fishing Adventures, di konsa, “Pwopozisyon Gouvènè a bon pou touris la. Li pral ede atire moun vini nan Eta New York. Mwen konsidere pwason ak espas natirèl eta a kòm yon min lò, epi pwopozisyon sa a pral retire anpèchman pou mennen touris yo nan New York.”

David Turner, Direktè Biwo Devlopman Kominotè, Touris ak Planifikasyon Konte Oswego, di konsa, “Konte Oswego ak New York beni avèk yon gwo kantite resous natirèl ki atire vizitè ki

sòti toupatou nan lemonn. Senplifikasyon sistèm lisans lan ak rediksyon frè yo pral ede fè eksperyans vizitè yo isit la pi amizan. Pwopozisyon pou dat acha lisans lapèch chak ane a ap gen chans pou ede ogmante aktivite pechè yo toupatou nan eta a. Nou kontan paske Gouvènè a ak DEC pwopoze pou fè li vin pi fasil ak mwen chè pou moun ki gen pasyon pou aktivite deyò jwi tout sa nou genyen pou ofri.”

Tony DiLernia, Captain Rocket Charters NY-delege nan MASFMC ak direktè teknoloji maritim nan Kingsborough Community College, di konsa, “Nan anonse pwopozisyon an pou fè anrejistreman lapèch nan lanmè ki gratis vin pèmanan, Gouvènè Cuomo respekte angajman li ki endike kèk bagay nan lavi a ta dwe gratis, tankou lapèch nan lanmè. Sa a se egzanp yon gouvènman k ap bay yon sèvis pou Nouyòkè yo san li pa takse yo pou sa.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418